

Avi sou Avantaj ki Disponib anba M.G.L. Chapit 175M Konje Peye pou Fanmi ak Swen Medikal Leave (PFML)

Koumanse 1ye oktòb 2019:

- Anplwayè yo pral dedwi kontribisyon pewòl yo apatide salè oswa lòt lajan yon moun ki gen pwoteksyon an touche pou finanse avantaj PFML yo.


Koumanse 1ye janvyè 2021:

- Moun yo ki gen pwoteksyon gendwa benefisye jiska 20 semèn konje peye medikal nan yon ane avantaj si yo gen yon pwoblèm sante grav ki fè yo pa kapab travay.
- Moun yo ki gen pwoteksyon gen dwa benefisye jiska 12 semèn konje peye pou fanmi nan yon ane avantaj pou nesans, adopsyon oswa plasman yon timoun lakay yo nan fwaye dakèy oubyen paske gen yon egzijans ki kalifye poutèt yon manm fanmi a ap fè sèvis militè aktif oubyen yo te notifiye li yo pral rele li byento pou rebran sèvis militè aktif nan Fòs Ame peyi a.
- Moun yo ki gen pwoteksyon gen dwa benefisye jiska 26 semèn konje peye pou fanmi nan yon ane avantaj pou swen yon fanmi ki manm sèvis ki garanti ki gen yon pwoblèm sante grav.

Koumanse 1ye jiyè 2021:

- Moun yo ki gen pwoteksyon gen dwa benefisye jiska 12 semèn konje peye pou fanmi pou swen yon fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav.

Moun yo ki gen pwoteksyon kalifye pou 26 semèn ototal, lè yo mete tout konje yo ansanm, konje peye pou fanmi ak pou swen medikal nan yon ane avanta.



Kimoun Lalwa Konsidere kòm yon Moun ki gen Pwoteksyon?

Anjeneral, yon travayè kalifye kòm moun ki gen pwoteksyon epi li gendwa kalifye pou konje peye pou fanmi ak konje peye medikal si:

- li elijib pou touche benefis chomaj ak yon salè nan men yon anplwayè nan Massachusetts; oswa
- li abite nan Massachusetts epi li ap touche selon yon kontra sèvis li siyen ak yon antite Massachusetts k ap peye li epi ki oblije deklare peman pou sèvis yo sou Fòm IRS 1099-MISC pou piplis pase 50 pousan mendèv li; oswa
- li se yon travayè endepandan ki rezide epi ki travay nan Massachusetts epi li chwazi antre nan pwogram la.

Pwoteksyon Djòb

Anjeneral, yon anplwaye ki te pran yon konje peye pou fanmi oswa yon konje medikal dwe tounen nan menm pozisyon li te genyen anvan an oubyen nan yon pozisyon ki sanblab, ki gen menm otorite, menm salè, menm avantaj travay, menm kredi dire sèvis ak ansyènte ak sa li te genyen anvan li te pran konje peye an.

Pwoteksyon djòb sa yo pa aplikab pou antreprenè k ap egzekite sèvis anba kontra oswa pou moun k ap travay pou kont yo.


anba kontra.

Reprezay oubyen Diskriminasyon Entèdi

- Li ilegal pou yon anplwayè diskrimine oubyen fè vanjans kont yon anplwaye poutèt li te egzèse kèlkeswa dwa lalwa garanti pou li.
- Yon anplwaye oswa yon ansyen anplwaye ki viktim diskriminasyon oubyen reprezay poutèt li t ap egzèse dwa lalwa ba li, gen dwa anvan twa (3) lane fin pase aprè vyolasyon an te rive, lanse yon aksyon devan tribinal siperyè lajistis, epi li ka gen dwa resevwa domaj-enterè ki egal ak twa (3) fwa montan salè li manke touche a.

Plan Prive yo

Si yon anplwayè ofri anplwaye yo konje peye pou fanmi, konje medikal peye oubyen toulede alafwa, avèk avantaj ki omwens egal oubyen plis toujou ak sa lalwa garanti yo, anplwayè a gendwa aplike pou yon egzanpsyon pou pa peye kontribisyon yo. Anplwaye yo kontinye jwenn pwoteksyon kont diskriminasyon ak reprezay selon lalwa lè yon anplwayè chwazi pou bay avanta konje peye grasa yon plan



Si ou gen kesyon oubyen preyokipasyon osijè dwa w yo konsènan Konje Peye pou Fanmi ak Konje Peye Medikal, tanpri rele nan (833) 344-7365 oubyen al gade nan: mass.gov/DFML